



Commonwealth of Massachusetts  
Depatman Edikasyon ak Swen Bonè

**Enfòmasyon sou pakou pwofesyonèl  
ak Bousdetid Edikatè Ti Anfans**

# Pakou Edikasyon EEC

**Sibvansyon Pakou Pwofesyonèl ak Bousdetid Edikatè Ti Anfans lan (ECC)** bay yon pakou edikatif gratis / ki pa koute chè pou edikatè timoun piti k ap travay nan pwogram EEC ki gen lisans oswa ki finanse tankou **pwogram ki baze sou sant, tan apre/andeyò lekòl la, swen pou timoun nan fanmi, ak pwogram rezidansyèl.**

Pakou  
Pwofesyonèl


- Sètifikasyon EEC lè edikatè a pa elijib oswa li pa elijib pou èd finansye (CP se "last dollar")

Bousdetid ECE /  
Èd Eta Mass

- Èd finansye pou kou **nan** kad sètifika fè etid segondè ak diplòm asosye yo

# Sibvansyon Pakou Pwofesyonèl Ti Anfans

Sibvansyon Pakou Pwofesyonèl la bay finansman ak sipò pou kolèj kominotè piblik yo pou sipòte mendèv swen bonè ak edikasyon pou antre, rete, ak pwogrè sou yon pakou pwofesyonèl, tankou kou pou Sètifikasyon EEC.



[Paj wèb Pakou Pwofesyonèl EEC](#)

# Kisa Sibvansyon Pakou Pwofesyonèl EEC a bay?

**Kolèj Kominotè Massachusetts yo gen sipò devwe pou anplwaye ti anfans yo pran kou kolèj.**



Sipò avèk seleksyon kou ak enskripsyon



Kou nivo kolèj ki mennen nan sètifikasyon EEC



Sètifikasi nivo kolèj oswa degré asosye nan ti anfans



Liv, leson patikilye, mentora, oryantasyon pwofesyonèl, aksè a bibliyotèk, sant distribisyon manje ak lòt sipò sou kanpis la



Asistans ak sipò k ap aplike pou Bousdetid ECE a

# Èske mwen kalifye pou sèvis Pakou Pwofesyonèl?

Elèv pakou pwofesyonèl yo dwe:

- Gen yon kont aktif nan [Rejis Kalifikasyon Pwofesyonèl EEC a](#) (PQR)
- Viv ak travay nan Massachusetts
- Dwe anplwaye pandan omwen 20 èdtan pa semèn nan yon pwogram EEC ki gen lisans oswa finanse OSWA gen entansyon kòmanse travay nan yon pwogram EEC ki gen lisans oswa finanse nan lespas 6 mwa, OSWA se yon diplome resan oswa prèske diplome nan yon pwogram EEC lekòl segondè
- Dakò avèk tèm ak kondisyon patisipasyon yo, tankou: swiv kou ak oswa aplikasyon kolèj, patisipe nan sipò ki nesesè pou siksè, rete anplwaye pandan patisipasyon nan kou a (yo), dakò rete sou teren an pandan omwen 1 ane apre achèvman, pataje done demografik pou rezon rapò
- Lòt kondisyon jan kolèj la mande sa (pa egzanp: diplòm lekòl segondè, bon sitiyasyon finansye/akademik, aplikasyon nan kolèj la)

# Kòmanse avèk Pakou Pwofesyonèl



Chwazi yon kolèj ki pre kote w ap viv oswa travay la pou w ka aksede a kou ak sèvis an pèsòn tankou bibliyotèk la ak sant lesон patikilye a.

- Si ou te deja pran kou nan yon kolèj kominotè, retounen nan kolèj sa a.
- Si ou bezwen kou nan yon lang ki pa anglè, chwazi yon kolèj ki ofri lang ou bezwen an.



Voye yon imèl bay Kowòdonatè Sibvansyon Pakou Pwofesyonèl la nan kolèj kominotè ou chwazi a.

[Jwenn enfòmasyon kontak pou Kowòdonatè Sibvansyon yo](#)

# Etap pou enskripsyon nan kou...



Planifye davans! Gen plizyè etap enpòtan pou w franchi pou prepare pou kòmansman yon nouvo semès ak enskripsyon kou. Siveye imèl ou avèk anpil atansyon pou yon repons nan men Kowòdonatè Sibvansyon Pakou Pwofesyonèl (tanpri tcheke imèl ou regilyèman).

## Kowòdonatè Sibvansyon Pakou Pwofesyonèl la pral ede avèk:

- Elijiblite pou finansman, FAFSA & sipò aplikasyon
- Revizyon relve nòt ak / oswa kou anvan sa nan kolèj
- Seleksyon kou
- Enskripsyon ak orè
- Apèsi sou resous ak sipò kolèj yo

## Tout elèv yo oblige ranpli FAFSA ak Aplikasyon Bousdetid ECE pou detèmine elijiblite pou finansman

- Moun yo konsidere ki elejib yo pral pwofite bousdetid ECE a, Pell Grant, oswa Mass Educate/Reconnect
- Moun yo konsidere ki pa elijib yo pral pwofite finansman Pakou Pwofesyonèl yo

[Jwenn enfòmasyon kontak pou Kowòdonatè Sibvansyon yo](#)

# Bousdetid Edikatè Ti Anfans



## Bousdetid ECE a:

- Ofri konjwentman pa EEC ak Depatman Edikasyon Siperyè a pou ede edikatè yo ogmante kalifikasyon yo atravè yon diplòm kolèj.
- Baze sou yon to pou chak kredi, selon tip enstitisyon an.
- Bay finansman pou ede avèk depans pou yon maksimòm twa kou pou chak semès pandan sezon otòn, prentan ak ete tradisyonèl la.

# Egzijans pou Elijiblité

- Fizikman abite nan Massachusetts depi omwen yon ane, apati kòmansman trimès enskripsyon an, avèk entansyon pou rete nan Massachusetts an konfòmite avèk Règleman Konsèy Edikasyon Siperyè a; ak estati kalifikasyon apwouve kòm yon "Yon Moun ki Fini Lekòl Segondè,"<sup>1</sup> selon lwa sou ekite nan zafè frè ekolaj Massachusetts la,<sup>2</sup> oswa yon sitwayen ameriken, rezidan legal pèmanan, oswa yon moun ki pa sitwayen ki elijib dapre règleman Tit IV yo.
- Te aplike pou èd finansye, nan utilize Aplikasyon Gratis pou Èd Federal Elèv (FAFSA) estanda a oswa yon aplikasyon ekivalan FAFSA otorize pa Depatman Edikasyon Siperyè a.
- Pa dwe an defo peyman okenn Prè Etidyan federal oswa etatik pou prezans nan okenn enstitisyon oswa dwe yon ranbousman pou okenn èd finansye moun nan te resevwa oparavan.
- "Enskri, antanke elèv ki fini lekòl segondè, nan yon pwogram premye sik, a plen tan oswa a tan pasyèl, nan Edikasyon Ti Anfans, Developman Timoun, Etid Fanmi, Administrasyon Swen Timoun oswa domèn ki mansyone dirèkteman developman ti anfans ak domèn rechèch espesifik li yo. Pwogram etid siperyè ki elijib yo gen ladan menm kategori sa yo ansanm ak Rechèch, Politik, ak Pratik pou Ti Anfans; Antreprenarya Edikasyon; ak Syans Aprantisaj.
- Anplwaye, depi omwen sis mwa, yon edikatè oswa founisè nan yon pwogram edikasyon ak swen bonè oswa soti nan pwogram tan lekòl ki gen lisans oswa otorize pa Depatman Edikasyon ak Swen Bonè Massachusetts (EEC) epi kontinye travay nan domèn sa a pandan y ap pouswiv kou ki apwouve a.
- Siyen yon akò pou kontinye travay kòm yon edikatè oswa founisè ti anfans nan Massachusetts lè w fin satisfè egzijans diplòm lan, oswa ranbousman lajan jan sa defini an.
- Etidyan yo dwe swa pouswiv premye sik bakaloreya yo oswa pouswiv yon metriz nan yon pwogram apwouve, jan sa defini.

<sup>1</sup>Gade [www.mass.edu/tuitionequity](http://www.mass.edu/tuitionequity) pou plis detay. <sup>2</sup>Dapre Atik 9 Chapit 15A, jan sa amande nan Atik 11 Chapit 28 Lwa 2023 yo.

# Matyè Prensipal ki Elijib yo ak Montan Bous ki Pwopoze yo

Matyè Prensipal	
Etid Timoun ak Fanmi	Sikoloji
Administrasyon Swen Timoun	Edikasyon Elementè
Devlopman Timoun	Edikasyon Espesyal
Oryantasyon Timoun	Travay Sosyal
Sikoloji Timoun	Etid Familyal
Edikasyon Ti Anfans.	Sèvis Sosyal yo
Sèvis Sosyal yo ( <i>elijib lè li gen ladan Ti Anfans kòm objektif la</i> )	

Tip Enstitisyon	Atribisyon ki Pwopoze pou Chak Kredi	Maksimòm ki Pwopoze pou Chak Semès (9 Kredi)
Inivèsite Piblik	\$750	\$ 6,750
Kolèj / Inivèsite Prive	\$750	\$ 6,750
Kolèj Leta	\$550	\$ 4,950
Kolèj Kominotè	\$350	\$ 3,150

# Ranpli FAFSA a oswa ekivalan

Rete tann 42-78 èdtan pou done FAFSA ki dwe trete a. Ou pral resevwa yon imèl nan men OSFA ki envite w konekte nan pòtal MASSAid ou a.



osfamail@osfamass.org

To: [REDACTED]




Mon 5/13/2024 11:50 AM

CAUTION: This email originated from a sender outside of the Commonwealth of Massachusetts mail system. Do not click on links or open attachments unless you recognize the sender and know the content is safe.

Hello [REDACTED]

Congratulations! The Massachusetts Office of Student Financial Assistance (OSFA) has received a copy of your 2024 - 2025 Free Application for Federal Student Aid (FAFSA) from the Federal Processing Center. We invite you to go to our Student Portal at MASSAid Portal for students - User Login ([https://urldefense.com/v3/\\_https://massaid.guarantorsolutions.com/StudentPortal\\_](https://urldefense.com/v3/_https://massaid.guarantorsolutions.com/StudentPortal_);!!CPANwP4y!RtL2-WUn0EBlwOJuZm9XHdmR-BSlihiJuygYlxqEVp6RbOwwd39GWfETpwJx\_szAZfruYBSgjRvmEbtMheev3w\$ ) to log in or set up a user account to explore Massachusetts financial aid programs. Please contact our office at 617.391.6070 for questions about this email.



Reply



Forward

# Kreye oswa konekte nan kont MASSAid ou

The image shows the Massachusetts Department of Higher Education Office of Student Financial Assistance (MASSAid) login page. At the top left is the MASSAid logo with a graduation cap icon. To its right, the text "Massachusetts Department of Higher Education" and "Office of Student Financial Assistance" is displayed. Below this is a dark blue header bar with the word "Log In" in white. The main body of the page has a light gray background. On the left, there is a "User Name" input field with the placeholder text "User Name". To the right of the input field is a link "Forgot your User Name, click here". Below the input field is a message: "If this is your first time accessing the Student Portal, click here to create an account." In the center is a blue rectangular "Log In" button with white text. A large red arrow points upwards towards the "Log In" button. At the bottom of the page is a dark blue footer bar containing links to "MASS OSFA | Site Policies | Accessibility Statement", "Connect with @MASSDHE", and social media icons for Twitter, Facebook, LinkedIn, YouTube, and NextDoor.

# Resous yo

- Enfòmasyon sou Pakou Pwofesyonèl
  - Depatman Edikasyon ak Swen Bonè (EEC) [Enfòmasyon sou Pakou Pwofesyonèl](#)
- Enfòmasyon sou Bousdetid
  - [Enfòmasyon sou bousdetid](#) Depatman Edikasyon ak Swen Bonè (EEC)
  - [Enfòmasyon sou Bousdetid Biwo Èd Finansye Elèv \(OSFA\)](#)
- Poze yon Kesyon
  - Ou ka poze yon kesyon espesifik [nan ranpli fòm sa a](#), ki disponib sou paj wèb Pakou Pwofesyonèl la.